

# **Bon Nouvèl Jézi a**

**Pa Christy Akins Brawner**

Séri évangelistik

Pioneer Evangelism Series

## Kòman pou itilize “Bon Nouvèl Jezi a”

Swiv sigesyon sa yo lè ou ap di istwa a ak lè ou ap patage verite spirityèl:

1. Sonje pou ou toujou trete moun nan avèk respè, mande pèmisyon pou di li istwa a e pou kontinye avèk li chak semèn.
2. Pale avèk yon vwa ki kalman e ki konvèsasyonnal. Pa preche bay moun nan.
3. Pa diskite verite. Kite Sentespri a travay nan kè moun ki pa kwè a pou konvikte kè yo e konvenk yo de verite a.
4. Pa jige moun nan o kondane yo pou sa yo kwè. Li bib la sèlman avèk kite Sentespri an travay nan pawòl Bondye a.
5. Konmanse chak reyiyon avèk yon priyè kout e mande Bondye pou Li ba nou konpreansyon nan istwa.
6. Itilize metòd sa yo pou di istwa: Li fraz yo yon pa yon nan paj yo epi esplike yo jan ou konpran yo a. Itilize metòd sa va bay moun yo moyen pou yo tandè istwa de fwa e li va esplike nan yon moyen fasil. Si genyen anpil kopi, nou va bay moun yo chans pou yo patisipe tou.
7. Lè istwa va fini, moun kap dirije a va pose kesyon. Li fè sa pou pèmèt moun yo ka revize e konpran istwa a pi byen- Se pa kesyon pou fè gwo diskisyon ou debat.
8. Li verite espirityèl la. Bay moun libète pou yo diskite e kesyone chak verite espirityèl. Fè atensyon pou nou pa antre nan diskisyon ou debat. Nan pwèn sa, li pa nesèsè pou mamb yo dakò ou byen asepte verite espirityèl. Sa ki pi enpòtan an, se ke yo konpran verite jan li devwale a nan pawòl Bondye a.
9. Aprè nou fini pale verite espirityèl yo, kreye yon moman pou chak moun nan gwoup la, prezante rekèt priyè yo.
10. Lapriyè espesyalman pou bezwen chak moun ki nan gwoup la. Pandan gwoup l’ap progresse e moun ap aksepte Bondye, pèmèt manb yo pou lapriyè yon pou lòt.
11. Lè nap konkli setyèm leson an, nou va envite moun yo pou aksepte Jezi kòm sèl sovè pèsonèl yo. Men si genyen nenpòt moun santi li anvi bay Bondye lavi-l, nan peryòd sèt semèn nan, na va montre yo kòman Bondye ka vini sèl Sovè pèsonèl yo.

# Bon nouvèl la Jezi a

Pa  
Christy A. Brawner

## "Nesans Jezi" - Leson 1 Matye 1-2

**“Konsa, pran depi Abraram jouk nou rive sou David, te gen antou katòz jenerasyon papa ak pitit. Pran depi David jouk nou rive lè yo te depòte pèp Izrayèl la ale lavil Babilòn, te gen antou katòz jenerasyon papa ak pitit. Pran depi lè yo te depòte pèp la jouk nou rive sou Kris la, te gen katòz jenerasyon papa ak pitit tou.”  
Matye 1:17**

Mari, yon fanm jwif, vin ansent san gen ralasyon seksyèl, li te vin ansent pa pouvwa lespris sen an. Jozèf, fiyanse l' la, te yon nonm debyen. Li pa t' vle fè eskandal ak sa. Li te vle kase fiyansaj la san bri san kont. Li t'ap kalkile sou jan li tapral fè sa lè li wè yon zanj Bondye parèt devan li nan dòmi. Zanj lan di li: Jozèf, pitit pitit David, ou pa bezwen pè pran Mari pou madanm ou. Paske, pitit l'ap pote a se travay Sentespri. Li pral fè yon pitit gason. Wa rele l' Jezi. Se li menm ki pral delivre pèp li a anba peche l' yo. Tou sa pase konsa pou pawòl Bondye te mete nan bouch pwofèt la te ka rive vre. Men sa l' te di: Men li, jenn fi a pral ansent, li pral fè yon pitit gason. Y'a rele l'Emannwèl. Non sa a vle di: "Bondye avèk nou."

Lè Jozèf leve nan dòmi an, li fè tou sa zanj Bondye a te di l' fè: li pran madanm li lakay li. Men, Jozèf pa t' kouche ak Mari, jouk lè li te fin akouche yon ti gason. Jozèf te rele pitit la Jezi. Jezi te fèt lavil Betleyèm nan peyi Jide, sou tan wa Ewòd.

Aprè li te fèt, kèk nèg save ki konn etidye zetwal yo soti nan peyi solèy leve, yo rive lavil Jerizalèm. Yo t'ap mande: Kote wa jwif ki fenk fèt la? Nou wè zetwal li parèt depi nan peyi nou an, nou vin adore li. Lè wa Ewòd pran nouvèl la, sa te boulvèse tèt li. Sa te boulvèse tout moun lavil Jerizalèm yo tou. Ewòd reyini tout chèf prèt yo ansanm ak direktè lalwa yo ki t'ap dirije pèp jwif la. Li mande yo: Ki kote Kris la gen pou l' fèt? Yo reponn li: Se lavil Betleyèm nan peyi Jide li gen pou l' fèt. Paske, men sa pwofèt la te ekri: Ou menm, Betleyèm, ki bati sou tè Jida a, pawòl sèten: se pa ou ki pi piti nan tout lavil peyi Jida yo. Paske, gen yon chèf ki gen pou soti lakay ou. Se li menm ki va kondi moun Izrayèl yo, pèp mwen an.

Se konsa, Ewòd fè nèg save yo vin jwenn li an kachèt. Li mande yo kilè egzakteman zetwal la te parèt. Apre sa, li voye yo ale Betleyèm. Li di yo: Ale non! Chache konnen tout bagay sou ti pitit la. Lè n'a jwenn li, fè m' konnen pou m' sa kapab al adore l', mwen menm tou. Apre wa a te fin di yo sa, nèg save yo pati. Lè sa a, zetwal yo te wè nan peyi solèy leve a parèt devan yo ankò. Li t'ap mache devan yo. Zetwal la kontinye konsa jouk li rive sou tè kay kote ti pitit la te ye a. Epi l' rete. Lè yo te wè zetwal la, yo pa t' manke kontan. Yo antre nan kay la, yo wè ti pitit la ansanm ak Mari, manman li. Yo mete ajenou devan l', yo adore l'. Apre sa, yo louvri sak yo, yo ba li anpil kado: te gen lò, lansan ak lami.

Aprè sa, Bondye pale ak nèg save yo nan dòmi, li avèti yo pou yo pa tounen bò kote Ewòd ankò. Se konsa mesye yo fè yon lòt wout pou yo tounen al nan peyi yo.

Lè nèg save yo fin ale, yon zanj Bondye parèt devan Jozèf nan dòmi. Zanj lan di l' konsa: Leve non, pran ti pitit la ansanm ak manman l'. Sove ale nan peyi Lejip. Wa rete la jouk lè m'a di ou pou ou tounen. Paske, Ewòd pral chache touye ti pitit la. Jozèf leve nan mitan lannwit lan, li pran ti pitit la ansanm ak manman l'. Li pati, li ale nan peyi Lejip. Jozèf rete la jouk lè Ewòd mouri. Se konsa, pawòl Bondye te mete nan bouch pwofèt la te rive vre. Li te di: Mwen rele pitit mwen, mwen fè l' soti kite peyi Lejip.

Lè Ewòd wè nèg save yo te pase l' nan jwèt, li fè yon gwo kòlè. Li bay lòd touye tout ti pitit gason ki te nan lavil Betleyèm ak nan tout vwazinaj la, depi sa ki te fèk fèt jouk sa ki te gen dezan, dapre dat nèg save yo te ba li a. Se konsa, pawòl pwofèt Jeremi te di a rive vre: Yo tandè yon rèl nan lavil Rama. Yo tandè kriye ak gwo anmwe. Se Rachèl k'ap kriye pou pitit li yo. Li pa vle pesonn ba li kouraj, paske pitit li yo mouri.

Aprè Ewòd mouri, yon zanj Bondye parèt devan Jozèf nan dòmi, antan l' nan peyi Lejip la. Zanj lan di l': Leve non, pran ti pitit la ansanm ak manman l', tounen nan peyi Izrayèl la. Paske, moun ki te vle touye ti pitit la, yo mouri. Lamenn Jozèf leve, li pran ti pitit la ansanm ak manman l', li tounen nan peyi Izrayèl la. Men, lè Jozèf vin konnen se Akelayis ki t'ap gouvènen peyi Jide a nan plas Ewòd, papa l', Jozèf te pè ale la. Bondye pale avè l'ankò nan dòmi. Lè sa a, li pati, li ale nan peyi Galile. Li vin rete nan yon vil yo rele Nazarèt. Se konsa, pawòl pwofèt yo te di a rive vre: y'a rele l' moun Nazarèt.

### **Kesyon Oral**

1. Ki moun Mari ye?
2. Ki moun zanj lan te parèt devan li e di li ki jan pou rele pitit la?
3. Pou ki sa nèg save yo kite sòti nan peyi solèy leve jis nan la vil jerizalèm?
4. Pou ki sa Rwa Ewòd te vle trouve Jezi?
5. Kòman nèg save yo te fè konnen pou yo fè yon lòt wout san yo pa tounen kote Ewòd?
6. Ki jan Ewòd te esseye touye Rwa jwif yo?
7. Ki jan Josèf te fè pou li pati ale nan peyi Lejip?
8. Ki jan Josèf te fè konnen lè li te sipoze tounen?
9. Pou ki sa Josèf pran fanmi li pou ale nan peyi soukote li a, Galile olye Jide?
10. Ki non vil Jezi te leve a?

## Verite Espirityèl-Leson 1

### Matye 1-2

1. Bondye toujou kenbe pawòl Li e pwomèt Li. Depi pwemye kreyasyon gason e fanm, Bondye te pwomèt li ap voye yon sovè sou latè. Aprè konbyen tan konsa, Li repete pwomèt sa avèk lòt moun, e li di yo jan Sovè ap vini. Jezi vin jan bib la di Li tap vini. An nou sonje nan istwa youn nan prediksyon kite rive lè Jezi te fèt.

\*Men m jan konsa tou Bondye kenbe pawòl avèk nou. Nan bib la gen anpil pwomèt Ke Bondye vle pou nou. Tout pwomèt yo e prediksyon yo ap fèt. Pou nou ka konnen pwomèt sa yo pou la vi nou fò nou li bib la.

2. Bib la se pawòl Bondye e tout bagay ladan yo se verite. Bondye te pale avèk pwofèt li yo mil konbyen ane avan e di yo kòman Jezi tap fèt e la vi l. Tout prediksyon rive jan Bondye te di yo tap rive.
3. Bondye an kontwòl tout bagay. Gen bagay Li ka fè rive tankou yon mirak. Gen anpil mirak kite rive nan istwa a. Di pliske youn nan mirak yo?
4. Bondye kapab e Li kominike avèk lòm. Gen moun ki kwè ke Bondye kreye lemond men li pa sensib pou sa ki rive nan li. Nan istwa a, ki jan Bondye te kominike avèk lòm? Pou jis kounye a Bondye toujou kominike avèk nou. Nan etid sa a, nap apran n kòman nouka gen yon bon relasyon avèk Bondye.
5. Bondye Konnen tout bagay ki prale rive. Men pafwa, nan konesans selès li ya, Li pèmèt move bagay rive. Ewòd te vle touye Rwa promèt la paske li te pè Jezi. Bondye te konnen peche kite nan kè Ewòd. Li te Konnen ke li t'ap touye konbyen kout san timoun inosan. Sa te rive paske li te dezobeyisan e li te gen rebèl nan kè l. Konsa tou jodia anpil move bagay rive nou la vi paske nou dezobeyisan e rebèl. Ou konnen egzamp nan tan kounye a, kote yon moun ap souffri paske yon lòt moun te fè l mechanste?
6. Lòm pa jan m ka ale kont Bondye e pou genyen viktwa. Ewòd pat kapab touye pitit promèt la a. Yon sèl bagay li te akompli se te kreye anpil tragè(tristès) nan vi fanmi yo. Nan tan sa, anpil fwa, nou eseye rebel lwa Bondye e volonte Li. Sa toujou pote tragè, si se pa pou se pou moun k'ap souffri bò kote nou. Panse yon fwa nan la vi ke ou te fè yon bagay mal kite mennen tragè nan lavi ou? Èske ou ka panse yon tan ou tap souffri paske yon lòt moun te fè rebèl?
7. Prèt yo ak dirèktè te konnen pawòl ki gen rapò ak promès rwa, men yo pa te ale rancontre Jezi. Eske li posib pou yon moun relijye, konnen anpil bagay sou bib la, konnen anpil bagay sou Jezi, men li pa janm konnen l pèsònèlman nan kè li.

8. Jezi se "Bondye avek nou" , ou "Emannwèl." Zanj yo te pale pawol sa yo ak Josèf ki te rejistre nan bib la pa pwofet Ezayi. Anpil moun di ke Jezi se te yon bon pwofèt. Lot yo di ke li te yon zanj ou yon bon moun. Men labib la montre nou li te ‘‘Bondye avek nou’’

Nan sis semen kap vinni yo, nou pral esaye konnen kimoun Jezi vrèman Jezi Kris la, ak kisa ki BON NOUVÈL ke li te pote sou tè a.

# BON NOUVÈL JEZI A

Pa

Christy A. Brawner

## "Batèm Jezi a" - Leson 2

### Matye 3-4

"Tounen vin jwenn Bondye. Paske, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a nan men l'. Matye 3:2

#### Revizyon

1. Non manman Jezi se te \_\_\_\_\_
2. Yon mirak ki soti nan nesans Jezi sèke Li te fèt de yon \_\_\_\_\_
3. Ansyen Testaman an te pale anpil bagay osijè nesans Kris la; youn nan sa yo se te y'ap rele li Emannwèl, ki vle di "Bondye \_\_\_\_\_."
4. Ewòd se te yon \_\_\_\_\_ nan peyi Jide ki t'ap eseye touye Jezi. Li \_\_\_\_\_ tout timoun ki pat ko gen dezan yo ki te nan lavil Betleyèm ak nan tout vwazinay la.
5. Nèg save yo ki te pati al jwenn Jezi te swiv yon \_\_\_\_\_. Mesye sa yo tounen lakay yon fason diferan ke yo te vini paske Bondye te avèti yo atravè yon \_\_\_\_\_ ke Ewòd te vle \_\_\_\_\_ Jezi.
6. Jozèf te kite avèk fanmi li nan mitan lannwit lan l'ale nan peyi Lejip paske Bondye te montre l'nan yon \_\_\_\_\_ ke Ewòd t'ap vini apre \_\_\_\_\_.
7. Jozèf te konnen pat gen danje pou li retounen nan pezi Izrayèl atravè yon \_\_\_\_\_. Men, li pa t' retounen nan lavil Betleyèm, li mennen fanmi li nan yon vil yo rele \_\_\_\_\_.
8. Kòm li te fè tout atravè nan listwa jodi a, Bondye toujou kenbe \_\_\_\_\_ li yo.
9. Bondye konnen sa ki nan \_\_\_\_\_ nou menm si gen anpil mechanste la.
10. Li posib pou yon moun relijye, menm konnen anpil sou Bib la, men li pa janm konnen \_\_\_\_\_ pèsònèlman nan \_\_\_\_\_ li.

**Sa yo se te pawòl yon nonm ki t'ap preche mesay la nan dezè Jide a. Li te gen yon rad fèt ak pwal chamo ak yon sentiwon an po. Li te manje krikèt ak gato myèl li te jwenn nan bwa. Non li se te Jan Batis.**

Anpil moun te sòti nan tout vwazinay larivyè Jouden an, ale nan dezè a pou tande pawòl li yo. Apre yo fini tande'l pale, yo te konfese peche yo e yo te batize nan larivyè Jouden an. Plizyè nan chèf relijye yo, sa yo ki rele farizyen ak sadiseyen yo, te konn ale tou pou wè menm kisa ki tap pase nan dezè a. Lè Jan Batis wè yo, li rele yo yon "Bann vèmin," (pitit gason sèpan) epitou li fè yo konnen yo pa t' gen krentif pou Bondye paske yo te kwè yo tèlman relijye e yo soti nan bon ras (eritaj) yo pa t' bezwen repanti pou peche yo.

Pandan Jan t'ap preche, Jezi vini e li te mande Jan pou li batize l. Okòmansman, Jan pat dakò, paske li te panse li pat nan pozisyon pou batize Jezi. Men, Jezi te ensiste, epi yo de a antre nan dlo larivyè Jouden an.

Lè Jezi soti nan dlo a, syèl la louvri, Lespri Bondye a desann sou fòm yon ti pijon vin sou li. Lè sa a, yon vwa soti nan syèl la byen fò, li di “Sa se pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m' kontan anpil”

Aprè sa, Lespri Bondye pouse Jezi ale nan dezè a pou Satan te ka tante l'. Jezi pase karant jou ak karant nwit san manje. Aprè sa, li vin grangou. Se te nan moman sa a Satan te pwoche bò kote Jezi pou sonde l'. Bib-la pale de twa tantasyon Jezi te fè fas nan dezè a. Nan premye tantasyon an, Satan te eseye pou fè Jezi fè wòch yo tounen pen pou deklare si Li se Bondye. Jezi reponn li avèk pawòl Bondye ki ekri a. Dezyèmman, Satan te mennen l' sou pwent fetay tanp lan, li di Li lage kò l' anba si Li se Bondye. Men, Jezi reponn l' ankò avèk pawòl Bondye ki ekri a. Anfen, Satan te mennen Jezi ankò sou yon mòn, li di, "M'ap ba ou tout bagay sa yo, si ou mete ou ajenou devan m' pou ou adore m'." Jezi reponn li, Se Mèt la, Bondye ou, pou ou adore, se li menm sèl pou ou sèvi." Avèk sa a dyab la kite l', e zanj Bondye yo te vini, yo sèvi l'.

Aprè li soti nan dezè a, Jezi tandè yo te mete Jan Batis nan prizon. Jezi lè sa a, te ale nan peyi Galile, pwovens ki nò a peyi Jide a, li kite lavil Nazarèt, kote li te grandi a, li ale rete nan yon vil yo rele Kapènawòm. Konsa, pawòl pwofèt Ezayi te di a rive vre: “Peyi Zabilon ak peyi Neftali ki sou wout pou ale bò lanmè a, peyi ki lòt bò larivyè Jouden an, peyi Galile kote moun lòt nasyon yo ap viv la, pèp ki t'ap viv nan fènwa a wè yon gwo limyè. Limyè a klere pou moun ki t'ap viv nan peyi ki anba lonbraj lanmò a.”

Bib la di nou se nan vil sa Jezi te kòmanse travay li pami pèp la. Mesaj Li t'ap preche a se te sa, “Tounen vin jwenn Bondye. Paske, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a nan men li.”

### **Kesyon Oral**

1. Dekri nonm ki rele Jan Batis la.
2. Kisa mesaj Jan Batis la te ye?
3. Ki sa Jan Batis te fè ak moun ki te konfese peche yo?
4. Poukisa Jan Batis pat vle batize Jezi?
5. Kòman Jezi te batize?
6. Kisa ki te rive lè Jezi te soti nan dlo a?
7. Poukisa Jezi te ale nan dezè a?
8. Ki sa Jezi te fè pou karant jou ak karant nwit?
9. Ki sa ki te youn nan tantasyon Satan yo?
10. Aprè tantasyon yo, ki moun ki te vin sèvi Jezi?
11. Ki kote Jezi te ale aprè li aprann Jan Batis te nan prizon?
12. Ki sa mesaj Jezi a te ye? Ki moun ki te preche menm mesaj sa a?



## Verite Espirityèl -Lesson 2

### Matye 3-4

1. **Mesaj Jan Batis la ak Jezi se te menm bagay. "Tounen vin jwenn Bondye. Paske, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a nan men li."**

- Pou tounen vin jwenn Bondye vle di vire do bay peche nan lavi ou. Sa vle di bay Jezi Kris kontwòl konplè nan lavi ou.
- Peche se dezobeyi Bondye ak lalwa li yo.

**Èske repantans se yon bagay ki trè difisil pou yon moun fè? Ki sa mo sa siyifi pou ou?**

*Diskite konsèp sa a pami tout manm gwoup la; bay chak moun yon opòtinite pou yo bay opinyon yo.*

2. **Chèf relijye yo te panse ke yo pa t 'bezwen repanti pou peche yo poutèt relijyon-yo. Yo te panse ke yo te bon ase. Jan te rele moun sa yo pitit gason sèpan. Èske gen nenpòt moun ki nan mond sa ki relijye osinon bon ase ke yo pa bezwen repanti pou tout peche yo?**

**\* Bib la di nan Women 3:23 ke "Tout moun fè peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a."**

**\* Èske gen nenpòt moun nan mond lan ki pa gen peche nan lavi li? Èske gen nenpòt moun ki pa janm dezobeyi osinon reziste prensip konpòtman oubyen atitud Bondye? Bib la di 'Non'. Eske ou dakò ak Bib la ke nou tout gen peche nan lavi nou? *Yon fwa ankò, li enpòtan pou pèmèt chak moun yon opòtinite pou bay pawòl Bondye defī sou sijè sa a. Kòm yon lidè, pa plede oswa kite lòt moun plede, men li oke pou kite pèp la pale santiman yo.***

3. **Jezi te batize, men Li te Bondye Li pat janm fè peche.**

Sa a di nou ke batèm nan se pa yon seremoni relijye ki ka wete peche nan lavi yon moun. Si bi batèm nan se te pou netwaye peche nan yon moun, Jezi pa ta batize paske Li, Bondye, pat janm fè peche.

4. **Lè Jezi soti nan dlo a Sentespri a desann sou li an fòm yon pijon e Bondye Papa a te pale sot nan syèl la, li di, "Sa se pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m kontan anpil." La nou wè twa moun nan Trinité la. Kisa yo ye?**

Bondye Papa a, Bondye Pitit la ak Bondye Sentespri a.

5. **Lespri Bondye te pouse Jezi ale nan dezè a pou Satan te ka tante l. Satan reyèl. Li se yon lespri ki nan mond la; ansanm ak plizyè patizan lespri l 'yo rele denmon, e yo ka pote destriksyon nan lavi nou ki kapab mennen nou a dezobeyisans kote Bondye. Menm jan Jezi te tante, Satan tante nou tou. Men, Bib la anseye nou, kontrèman ak Kris la, nou tante pa mechanste ki deja egziste nan kè nou pou fè bagay ki pa fè Bondye plezi, oubyen peche.**

6. Pwofèt Ezayi, te pwofetize ke Jezi tap rete nan wout lanmè a e Li tap yon limyè pou klere tout moun ki te nan fènwa, sa yo ki t'ap viv anba lonbraj lanmò a.

Nou tout ki san Kris la, nan fènwa, men petèt oumenm oubyen yon moun ou renmen ap viv nan lonbraj la nan lanmò. Kèk jwenn tèt yo la, akòz dròg, gen lòt se atravè relasyon imoral, epi toujou gen lòt moun ki viktim vyolans. Vèsè sa a di nou ke Jezi te vin bay limyè ak nou menm ki nan fènwa, e Li ka bay libète ak moun ki ap viv nan lonbraj lanmò.

\* Nan moman lapriyè nou jodi a, an nou priye pou moun nou renmen k ap viv nan lonbraj lanmò a. Vle pou yo jwenn limyè ak libète nan Jezi Kris la.

## Bon Nouvèl Jezi a

Pa :

Christy A. Brawner

### "Mirak Jezi yo". Leson 3

#### Matye 4-9

"Vin jwenn mwen, m'a fè nou tounen pechè moun pito." – Matye 4 :19

#### Revize

1. Ki moun ki te di Josèf de Jezi, e ki moun ki te di l L'ap rele "Emanyèl" ou "Bondye avèk nou ?" Sa montre nou ke Jezi se \_\_\_\_\_ avèk nou.
2. Ki moun ki te vle touye Jezi lè Li te ti moun ? Poukisa ? Jezi te sove paske yo te ale \_\_\_\_\_.
3. Ki moun ki te batize Jezi ? Paske Jezi te gen pou Li batize montre nou ke baptem pa netwaye \_\_\_\_\_ nan la vi nou.
4. Lè Jezi te sòti nan dlo a, yon bagay tankou yon ti pijon te sòti desann nan syèl la, e yon vwa te pale tou ? Ki moun ki te ti pijon e ki vwa ki te sòti nan syèl la ?
5. Farizyen yo pa te kwè yo te bezwen repanti peche yo, paske yo te religye. Èske li posib pou yon moun religye ase pou l elimine peche l yo ?
6. Kisa mo "repanti" sinifi ?
7. Kisa peche ye ?
8. Ki moun ki te tante Jezi nan dezè ?
9. Ki kote Jezi te ale aprè Li te kite dezè a ?

Antan Jezi t'ap mache bò lanmè Galile a, li wè de pechè pwason. Li di yo konsa : "Vin jwenn mwen, m'a fè nou tounen pechè moun pito." Nan jou sa, Jezi chwasi premye kat disip li yo : Pyè, Andre, Jak e Jan. Yo tout se te pechè pwason.

Jezi t'ap mache toupato nan peyi Galile a. Li t'ap moutre moun yo anpil bagay man sinagòg yo. Li t'ap anonse Bon Nouvèl peyi kote Bondye wa a. Li t'ap geri tout maladi ak tout kalite enfimite pèp la te ka genyen. Yon bann foul moun t'ap swiv li tout kote li te ale.

Yon nonm ki te gen lalèp pwoche bò kote l, li tonbe ajenou devan Jezi, li di l konsa, "Mèt, si ou vle, ou kapab geri mwen." Jezi repond li, "Wi, mwen vle, Se pou ou geri." Menm lè a, lalèp la kite li.

Yon kaptenn lame women a vin bò kote li. Nonm sa vin mande Li pou l geri domestik li a, ki paralize e l'ap soufri anpil. Li kwè nan pouvwa Jezi pou l geri li. Jezi di anpil moun va sòti nan tout nasyon pou yo vin manje ansanm nan peyi wa ki nan syèl la, menm lè a, domestik la te geri.

Yon lòt fwa, lè Jezi rive sou lòt bò lanmè a, te gen de mesye ki te gen move lespri sou yo. Yo te sitèlman move pèsonn pat kapab pase nan chemen yo ye a. Yo te rete nan tonm mò yo.

Lè yo wè Jezi, move lespri yo rele ansanm, "Pitit Bondye a, kisa non gen avè ou? Eske ou vin isit la pou fè n soufrie anvan lè nou?"

Toupre kote yo te ye a, te gen yon bann kochon ki t'ap chache manje pou yo manje, move lespri yo mande Jezi, "tanpri, si ou vle chase nou, voye nou sou bann kochon sa yo. " Jezi di yo, "ale non." Move lespri yo sòti sou de meye yo, yo antre nan kochon yo. Menm lè a, tout bann kochon yo pran degrengole desann falèz la, y'al neye tèt yo nan lanmè. Moun ki t'ap gade kochon yo pran kouri. Y'ale lavil la, yo rakonte tou sa ki te pase ansanm ak sa ki te rive de mesye yo ki te gen move lespri sou yo. Lè sa a, tout moun lavil la sòti vin jwenn Jezi. Lè yo wè l, yo mande li, tanpri souple, ale fè wout ou.

Jezi moute nan kannòt la, li tounen lòt bò lanmè a ankò, nan lavil kote l te ye a. Antan li t'ap pase konsa, li wè yon nonm yo te rele Matye ki te chita nan biwo kontribisyon an. Jezi di l konsa, " swiv mwen." Matye annik leve, li swiv Jezi.

Pita, Jezi t'ap manje nan kay la. Te ge anpil pèseptè kontribisyon ak moun k'ap fè sa ki mal ki te vin chita sou tab avè l ansanm ak disip li yo. Farizyen yo wè sa, yo di disip li yo, "Poukisa Mèt nou an ap manje konsa ak pèseptè kontribisyon ansanm ak moun k'ap fè sa ki mal yo ?"

Lè Jezi tande sa, li di farizyen yo, "Si yon moun ansante, li pa bezwen dòktè. Se moun malad ki bezwen dòktè. Ale non, chache konprann sans pawòl la, "Mwen vle pou nou gen kè sansib. Mwen pa bezwen bèt n'ap ofri pou touye pou mwen yo." Paske, mwen pa vin rele moun k'ap mache dwat devan Bondye, men moun k'ap fè sa ki mal yo, pou yo sa repanti."

### **Kèsyon Oral**

1. Ki pwofesyon premye dicip Jezi yo?
2. Ki kote yo te ale lè Jezi te rele yo pou l swiv Li?
3. Jezi te ale toupatou nan Galile a, e anpil foul moun t'ap swiv Li. Ki sa Li te fè pou l te rale atansyon konsa sou Li?
4. Ki premy moun Li te geri nan liv Matye a?
5. Kisa ki te problem domestik kaptenn lame romen an te genyen?
6. Ki kote mesye ki te gen move lespri yo te rete ? ki jam de mesye yo te ye?
7. Kisa move lespri yo te fè lè yo te wè Jezi?
8. Kisa ki te pase lè move lespri yo te kite neg yo?
9. Kisa ki te rive kochon yo?
10. Ki reaksyon moun ki tap gade kochon yo?
11. Ki jan de nèg matye te ye?
12. Ak ki jan de moun Jezi te manje?
13. Kisa farizyen yo te panse de sa?
14. Kijan de repons Jezi te bay farizyen yo?

## Verite relijyeu yo-Lesson 3

### Matthew 4-9

1- Jezi pat pat fè anken distinksyon nan mitan aken moun.

- Premye disip Jezi yo sete pechè pwason, moun senp ki pat gen edikasyon.
- Neg kit e gen lèp la se te yon moun ki te separe nan sosyete a pout tet maladi po li a ki te defigire li
- Domestik kaptenn woman a se te yon kokobe ki pat gen lajan ak vale nan sosyete a.
- Matye se yon pèseptè kontribisyon. Ki te gen kob men yon magrouyè(volè)
- Payizan to te si tèlman rayi nèg ki te gen move lespri yo, yo te piti kochon ke sante mesye sa yo.

\*Men tout moun sa yo te enpòtan e yo te gen valè pou Jezi. Ou se yon moun ki gen gen anpil valè nan zye Jezi. Pase ou, lajan ou, apparans or plas ou nan sosyete a pa vle d anyen pou Bondye.

2. Jezi gen pouvwa pou l geri tout maladi nou yo. Bay ekzamp moun ki te geri nan istwa a ?

3. Jezi gen pouvwa sou chak move lespri ou demon. Gen moun ki annafè avèk move lespri ou demon, anpil fwa paske yo t'ap eseye fè bagay ki bon. Men anvan, yo te konnen sa ki t'ap pase yo, move lespri gentan dirije lavi yo. Move lespri yo swiv yo, toumante yo e yo pa janm kite yo an repo. **Jezi gen otorite e pouvwa sou TOUT demon e move lespri nan mond la. Nou kapab gen libète kont move lespri yo sèlman nan Jezi Kri.**

4. Jezi renmen moun move renonmen. Li aksepte tout pechè yo. Jezi pa kondane pèsonn, men dezi li se pou tout moun vin repanti e vini konnen sa vrè padon ye.

5. Farizyen yo pat repanti peche yo, e yo te kwè yo te pi bon ke lòt pechè yo ki t'ap manje ansanm avèk Jezi. Kisa ki pi bon : pou yon gwo pechè ki mande padon, ou yon pechè ki pa gen anpil peche, men refise pou repanti ?

- Li pi bon pou ou gwo pechè ki jwenn padon.

Jezi aksepte nou e renmen nou jan nou ye a. Li pa an pwoblèm pou Li si nou yon move pechè, si ni pòv, si nou pa gen gwo edikasyon, si nou gen gwo problèm ou si nou malad. Nan zye Li nou tout se menm. Saki pi empòtan se pou nou repanti e swiv Li.

## Bon Nouvèl Jezi a

Pa : Christy A. Brawner

### "Leson Jezi yo"- Leson 4

#### Matye 10-16

"Mwen vle pou nou gen kè sansib, mwen pa bezwen ofrann bèt n'ap fè pou mwen yo, nou pa ta kondannen moun ki inonsan. " Matye 12 :7

#### Revize

1. Jezi te fè pa yon fanm jwif ki te rele \_\_\_\_\_.
2. Nèg save ki te sòti nan zòn solèy leve yo, te jwenn Jezi paske yo t'ap swiv yon \_\_\_\_\_.
3. Neg save yo pat te retounen nan pale Ewòd la paske bondye te avèti yo nan yon \_\_\_\_\_ pou yo fe yon lot rout pou yo retounen lakay yo.
4. Jan Batis te viv nan desè ap preche \_\_\_\_\_ moun sa yo ki te repenti peche yo
5. Kisa mo "repenti" a vle di ?
6. Lè Jezi te batize \_\_\_\_\_ \_\_\_\_\_ lespri bondye te desann sou tè a tankou yon ti pijon, e yon vwa nan syel la te pale. Demonstrasyon sa montre nou Bondye an twa moun : Bondye \_\_\_\_\_ a, Bondye \_\_\_\_\_, e Bondye \_\_\_\_\_ a. Nou rele sa trinite.
7. Nan dezè a Jezi te tante pa \_\_\_\_\_
8. Premye disip Jezi yo te \_\_\_\_\_ pa profesyon.
9. Jezi te rankontre de moun ki te mesye ki te gen demon sou yo. Kòman Jezi te ede yo ? Kijan moun lavil yo te aji ?
10. Farizyen yo te kritike Jezi paske li te ap manje ak kijan de moun ?
11. Eske li pi bon pou yon gro pechè ki repenti, ou yon moun ak yon ti kras peche men kip a janm mande padon ?

Jezi te rele douz neg pou vinn disip li sa vle di yo te prè li et li te edike yo. Li te bay 12 nèg yo pouvwa sou move lespri yo, e li ba yo pouvwa pou yo geri tout kalte maladi. Li di yo pou yo bay gratis pou sa ke yo te jwen gratis. E Jida Eskaryòt te youn nan disip yo te voye ale.

Jezi te voye yo nan tout kwen peyi Izrayèl pou yo te ka fè jwif yo vinn repanti e pou te ka gen konfyans nan Jezi Kri. Jezi bay nèg sa yo yon mesaj, "ninpòt moun ki rekonèt Mwen devan lom, moun sa tou ma rekonèt li devan papam Mwen ki nan syel la."

E Jezi pou tèt li te ale tout kote nan Galilé montre, preché e géri tout kalte maladi. Men moun Galilé yo, se moun sa yo li te pase tout tan l avèk yo e ki te rejete mesaj li. La vil kapènwòm kote li te komanse fè piblik ministè li te rejete li. E lè Li wè sa, Jezi te ale pale avèk Papa l, e Li di mo sa yo :

"O Papa, ou menm ki mèt syèl la ak tè a, mwen di ou mèsè anpil dapre bagay ou te kache nan je gwo save ak moun lespri yo ou devwale yo bay ti piti yo. Wi, Papa mwen, sa pase konsa paske se konsa ou te vle li. Papa m' renmèt mwen tout bagay. Pesonn pa konn kilès moun Pitit la ye, esepite Papa a. Konsa tou, pesonn pa konn kilès moun Papa a ye, esepite Pitit la, ak moun Pitit la vle fè konnen li. Vini jwenn mwen, nou tout ki bouke, nou tout ki anba chay, m'a soulaje nou. Pran jouk mwen, mete l' sou zepòl nou. Pran leson nan men mwen. Paske mwen dou, mwen toujou soumèt mwen tout bon devan Bondye. Konsa, n'a viv ak kè poze. Paske, jouk m'ap ban nou an fasil pou pote, chay m'ap ban nou an pa lou."

Kèk jou apre sa, Jezi t'ap pase nan yon jaden ble. Se te yon jou repo. Disip li yo te grangou. Se konsa yo pran keyi grap ble, yo t'ap manje grenn yo.

Farizyen yo, sonje moun sa yo se te dirijan legliz, te wè sa, yo di l' konsa: Gade. Disip ou yo ap fè bagay lalwa nou pa pèmèt moun fè gwo jou repo. Jezi reponn yo: nou toujou pa konprann lwa Bondye a, paske Pawòl la di, "Mwen vle pitye, e pa sakrifis."

Jezi kite kote l' te ye a, li antre nan yonn nan sinagòg jwif yo. Te gen yon nonm ki te gen yon men pòk nan asanble a. li di nonm lan: Lonje men ou. Nonm lan lonje men li. Latou, men an vin byen tankou lòt la nan sinagòg la, nan jou repo a.

Farizyen yo soti nan sinagòg la, byen fache, y al mete tèt yo ansanm pou wè ki jan pou yo fè touye Jezi. Men, lè Jezi vin konn sa, li kite kote l' te ye a. Yon gwo foul moun t'ap mache deyè li. Li geri tout moun malad yo. Men, li te pale sevè ak yo pou yo pa t' di ki moun li te ye.

E Jezi te kontinye travay nan zòn pou yon bon ti tan, preche moun yo e geri maladi yo. Defwa moun yo te mache deyè li pou yon bon ti tan, pou yo te tande l pawòl li san manje. Defwa, Jezi pran sèt pen ak kèk ti pwason, Li bay katmil moun manje.

Pendan Jezi t'ap travay nan Galile, Jezi esplike a disip li yo, Fòk mwen moute lavil Jerizalèm. Fòk mwen soufri anpil nan men chèf fanmi yo, nan men chèf prèt yo, nan men dirèktè lalwa yo. Y'ap fè yo touye mwen. Men, sou twa jou, mwen gen pou m' leve soti vivan nan lanmò.

## Kesyon Oral

1. Ki devwa Jezi te bay disip li yo ?
2. Kisa Jezi te di li t'ap fè pou moun ki te konfese devan lòm, e de moun ki te rejete l devan lòm ?
3. Koman moun kip a tap habite nan vil kapènawòm, tankou apil lot sité nan galilé kote lit e fè plis mirak li yo aji ak mesaj Jezi a ?
4. Jezi di tou moun vini jwenn mwenn, nou tout ki bouke, nou tout ki anba chay, m'a soulaje nou. Kisa Li te pwomèt li t'ap fè pou moun sa yo ?
5. Pou kisa Jezi e disip li yo te rete nan jaden ble a ?
6. Pou kisa Farizyen te kritike Jezi lè yo t'ap sanble ble a ?
7. Pou kisa Farizyen te kont lè Jezi t'ap geri nèg ki te avèk men pòk la ?
8. Pou kisa dirijan Jwif yo te kreye konseyan ?
9. Jezi di disip li yo, gen de bagay ki prale rive l. Kisa ki te pwofesi ?



## Verite Spiritiyèl- Leson 4

### **Matye 10-16**

1. Moun ki konfese non Jezi devan lòm, lap lava konfese avan papa li. Men sa kip a rekonèt devan lòm, lap rejete li tou devan papa li nan syèl la.
2. Anpil te suiv Jezi sèlman paske yo te vle Li fè mirak pou yo, men pat vle nan relasyon avèk li, yo pat vle obeyi ak pawol li. Yo pa te vle repentini de peche yo. Yo te sèlman vle pran avantaj pitye bondye a. jodia gen anpil moun ki konsa ? eske ou konnen kèk?
3. Sèl moun ki gen aksè ak Papa a se Jezi kri avèk sa ki vinni jwen papa a nan Jezi Kri. Pa gen anken lot jan nou ka gen aksè kote bonbye ke pa Jezi Kri. Gen yon sèl Bondye, e gen yon sèl rout pou jwen Bondye, e labib la enseye nou mwayen sa ki se Jezi Kri.

**\*Petèt ou yo te montre ou pou priye pa yon lot mwayen olye pou pase pa Jezi Kri. Kiyès ki lòt mwayen sa yo : eske se lòt boondye, pwofèt, e lot moun kip ase déjà ? bib la di gen bon moun men yo pa Bondye. Eske ou dakò ak bib la ke Jezi Kri se yon sèl moun ki nan mitan Bondye e lòm ?**

**4. Jezi vle pote chay ou yo ak enkyetid ou yo. Li dou e li gen bon kè. Li vle delivre nou de tout chay nou pote yo. Nan li nou kapab jwen repo pou nan m nou si nou aksepte ke li se Bondye ou Mèt nan lavi nou.**

**5. Jezi konsène de bezwen fizik nou. Disip yo te grangou, e Jezi te bay yo manje, menm lé li te konnen farizyen yo tap fache e pèsékite l. Bondye ki krete tè inkyete pou bezwen fizik pou chak nan nou.**

**"Mwen vle pitye, pa sakrifis." Ki sa mo « sakrifis la" vle di pou ou ? Eske dirijan legiz yo te anseye ou pou fè sakrifis bay Bondye, petèt pou jwenn favè ou padon pou yon peche ? Eske li difisil pou ou pou kwè ke Bondye pa bezwen pou ou pwouve anyen bay Li pa sakrifis ? Se dezyèm fwa, Jezi eseye esplike Farizyen yo ke Bondye pa kontan avèk sakrifis moun. Men pou moun ki relijye anpil yo, souvan sa a se yon difisil lefèt pou yo aksepte. Tout relijyon moutre ke se pou nou fè yon bagay pou evite Kòlè Bondye oswa genyen favè Bondye. Anpil moun ale nan anpil difikilte pou eseye peye Bondye pou pwomès yo te fè, peye pou peche ki pase yo, oswa pou senpleman moutre lwayote bay Bondye. Men sa pwouve ANYEN bay Bondye. Li vle yon relasyon avèk nou. Li vle moutre nou pitye ; Li pa vle sakrifis nou yo. Jesi te konnen ke Li ta prale soufri anpil bagay e mouri. Men aprè twa jou, Li gen pou l' leve soti vivan nan lanmò. Tout sa se te yon pati nan plan Bondye. Li eseye esplike sa ak disip li yo, men yo pat kapab konpran pou kisa Li dwe mouri e resisite aprè.**

\*Nan twa dènye lesou de etid sa a, n'ap pral eseye konprann siyifikasyon de lamò Jezi ak rezireksyon (leve soti vivan) li a. Sa se yon evènman inik ki ka chanje istwa nan mond lan pou tout tan. Yon sèl evènman gen pouvwa pou nou pa esklav peche ankò e transfòme lavi nou.

## Bon Nouvèl Jezi a

Pa : Christy A. Brawner

### "Travizon Jezi"- Leson 5

#### Matye 20-26

“Aprè sa, Jezi t'ap moute Jerizalèm. Antan li t'ap mache sou wout la, li pran douz disip li yo apa, li di yo: Tande. Men n'ap moute Jerizalèm kote yo pral lage m', mwen menm Moun Bondye voye nan lachè a, nan men chèf prèt yo ansanm ak dirèktè lalwa yo. Yo pral kondannen m' amò, y'ap lage m' bay moun lòt nasyon yo. Etranje sa yo pral pase m' nan rizib, yo pral bat mwen ak kout fwèt, apre sa yo pral kloure m' sou yon kwa. Men, sou twa jou, m'a leve soti vivan nan lanmò.” Matye 20 :17-19

#### Revize

1. Jezi te fèt nan yon fanm vyè \_\_\_\_\_.
2. Papa li, \_\_\_\_\_, te fè yon rèv kote Bondye te di l pou li ale nan peyi lejip paske Rwa Ewòd te vle \_\_\_\_\_ Jezi.
3. Jan Batis te rete nan dezè a, t'ap preche e batize tout sa ki \_\_\_\_\_ peche yo.
4. Jezi pat genyen \_\_\_\_\_, men Li te mande Jan Batis pou l batize Li.
5. Ki sa mo "repanti" vle di ?
6. Lè Jezi te batize, \_\_\_\_\_ desann sou li tankou yon pijon e vwa Bondye te di, "Sa a se \_\_\_\_\_ mwen renmen anpil la. Li fè kè m' kontan anpil."
7. Nan dezè a, Jezi se tante pa \_\_\_\_\_.
8. Jezi te rankontre de mesye ki te genyen \_\_\_\_\_ . Jezi demontre ke li genyen pouvwa pou \_\_\_\_\_ move lespri.
9. Kisa ki pi bon, pou yon gro pechè avèk anpil peche, men repenti oswa yon moun avek yon ti kras peche ki pa janm repanti ?
10. Jezi di si ou rekonèt li devan lòm, li ap \_\_\_\_\_ ou devan \_\_\_\_\_ li ki nan syel.
11. Anpil moun galile, menm moun ki nan vil kapènawom, \_\_\_\_\_ pawol bondye a ; yo te sèlman tap suiv li pou mirak ke li tap fè.
12. Yo pa te vle repenti peche yo an. Enkò kisa mo "repanti" vle di ?
13. Jezi te di li ap bay \_\_\_\_\_ nou tout ki bouke ki anba chay m'a soulaje nou. Paske Jouk mwen \_\_\_\_\_ pou ou
14. Farizyen pat vle Jezi geri nèg ki te gen men pok la paske se te jou \_\_\_\_\_ an, e li te kont la lwa pou te travay nan jou \_\_\_\_\_ an
15. Farizyen te envante yon plan pou yo \_\_\_\_\_ Jezi
16. Jezi te konnen ke farizyen tap planifye lanmò li, men Li te kontinye fè anpil mirak tankou lè li te fè de \_\_\_\_\_ e anpe \_\_\_\_\_ pou te bay plis ke kat mil moun manje.

Jezi avèk disip li yo, t'ap sòti nan Galile pou l ale Jerizalèm. Pandan li ta pral rive nan Jerizalèm, voye de nan disip li yo, li di yo: Ale nan bouk ki devan nou an. Kou n'a rive, n'a jwenn yon manman bourik mare, ak yon jenn ti bourik avèk li. Lage yo, mennen yo ban mwen. Jezi moute chita sou jenn ti bourik la pou li ale nan vil Jerizalèm.

Li te antre bèl e triyonfan. Yon foul moun te tann rad yo atè sou tout chemen an. Gen lòt menm ki te koupe branch bwa, yo mete yo atè nan chemen an. Ni foul moun ki t'ap mache devan Jezi a, ni moun ki t'ap mache dèyè l' yo, yo tout t'ap rele: Lwanj pou Pitit David la! Benediksyon pou Moun ki vini nan non Mèt la. Lwanj pou Bondye jouk anwo nan syèl la!

Lè Jezi antre lavil Jerizalèm, tout lavil la te tèt anba. Moun yo t'ap mande: Ki moun nonm sa a ye menm? Foul moun yo menm t'ap reponn yo: Se pwofèt Jezi, moun Nazarèt nan peyi Galile a.

Jezi antre nan tanp Bondye a, li chase tout moun ki t'ap vann ak tout moun ki t'ap achte nan tanp lan. Li chavire tab moun ki t'ap chanje lajan yo ansanm ak chèz moun ki t'ap vann pijon yo. Apre sa, li di yo; Men sa ki ekri: y'a rele kay mwen an kay kote pou moun vin lapriyè nan pye m'. Men nou menm, nou fè l' tounen yon kachèt pou vòlè. Kèk avèg ak kèk enfim nan pye pwoche bò kote Jezi nan tanp lan. Li geri yo.

Après Jezi te fini montre moun yo anpil bagay, fè anpil mirak e bèl bagay nan tanp la, chèf prèt yo ak dirèktè lalwa yo mete tèt ansanm pou yo trase (planifye) lanmò li. Yo diskite kòman pou yo tronpe l pou yo sa ta touye Li. Yo te yon jan enkyete, pou jan yo pral egzekite lanmò Li nan fèt Delivrans an, konsa tou, yo vini deside pou yo rete apre fèt Delivrans lan fini.

Lè sa a, yonn nan douz disip yo, nonm yo rele Jida Iskariòt la, al jwenn chèf prèt yo. Li di yo: "Kisa n'a ban mwen si m' fè nou pran Jezi?" Yo konte trant pyès lajan ba li. Depi lè sa a, Jida t'ap chache yon bon okazyon pou l' te ba yo Jezi.

Kòm li te semèn fèt Delivrans nan, disip yo te pare dine pou fèt dapre jan Jezi te bay enstriksyon yo. Jou fèt la, lè solèy fin kouche, Jezi chita bò tab ak douz disip li yo. Jezi di yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: yonn nan nou pral trayi mwen. Sa te fè disip yo lapenn anpil. Yonn apre lòt yo pran mande li: Eske se mwen menm, Mèt?

Li reponn yo: Moun ki tranpe pen l'ansanm avè m' nan plat la, se li menm ki pral trayi mwen. Moun Bondye voye nan lachè a prale, jan sa te ekri sou li a. Men, malè pou moun k'ap trayi l' la. Li ta pi bon pou moun sa a si li pa t' janm fèt. Jida ki tapral trayi l' la pran lapawòl, li di: "Mèt, èske se mwen menm?" Jezi reponn li: Se ou ki di li.

Antan yo t'ap manje, Jezi pran pen, li di Bondye mès, li kase l', li bay disip yo, li di: Pran, manje. Sa se kò mwen. Apre sa, li pran yon gode diven, li di Bondye mès, li pase l' ba yo, li di: Se pou nou tout nou bwè ladan li. Paske, sa se san mwen, san ki siyen kontra Bondye fè a, san ki koule pou anpil moun jwenn padon pou peche yo.

Après yo fin chante kantik espesyal pou fèt la, yo soti, y ale sou mòn Oliv la. Se la Jezi te kontinye montre yo anpil lòt bagay, anpe nan bagay yo se te pou evènman ki ta pral rive talè.

Après sa, Jezi ale ak disip yo yon kote yo rele Jetsemane. Li di yo: Chita la. Mwen menm, mwen pral lapriyè pi lwen. Li pran Pyè ansanm ak de pitit Zebede yo avèk li. Lè sa a, li santi yon lapenn ak yon kè sere ki pran li. Li di yo: Mwen gen lapenn anpil. Mwen santi se mouri m'ap mouri. Rete la, avèk mwen, pa kite dòmi pran nou. Li kite yo e li te l yon ti kras pi lwen ke yo, pou l ale lapriyè ak Papa l pou kont li.

Jezi t'al lapriyè pou bagay yo ki pral pase. Pawòl li yo te anrejistre konsa :

"O Papa mwen. Si sa te ka fèt, wete gode soufrans sa a devan je mwen. Men, se sa ou vle a ki pou fèt, pa sa mwen vle a."

Li anrejistre, ke Jezi te priye lapriyè sa a twa fwa e kèl te lapenn pou jis lanmò l.

Pandan sa, disip li yo pa kapab kite je yo louvri pou yon sèl moman. Yo tout tonbe dòmi, finalman, Jezi souke yo e Li di yo, Leve non, ann ale. Men moun k'ap trayi m' lan ap vini."

### **Kesyon oral**

1. Ak ki jan de bèt Jezi te antre nan Jerizalèm?
2. Kòman moun yo te resevwa Jezi lè li tap antre nan vil la?
3. Kisa Jida te fè pou l trayi Jezi?
4. Ki fèt ki tap selebre nan vil la?
5. Kòman Jezi te avèti Jida ke li konnen ke li pral trayi li?
6. Kisa Jezi te di sou diven an lè yo tap pran soupe ?
7. Daprè Jezi, poukisa li te enpòtan pou san l koule?
8. Jezi te pran disip li yo, pou li t'ale jetsnemani pou l te lapryè. Konbyen nan disip yo kite kapab rete kanpe tou nwit pou yo lapriyè?
9. Ki lapriyè Jezi te priye jou swa a, lè yo te trayi li a?

## Verite spirityel- Leson 5

### **Matye 20-26**

1. Jezi gen control tout bagay. Farizyen yo ta konplote pou yo pran Jezi pa sipriz. Men Bondye , tout tan tap itilize yo pou lit e ka etabli pouvwa li sou late . Se te toujou plan Bondye pou Jezi te vinn mouri sou la kwa.
2. Jezi konnen sa ke an ke ou ke lot moun pa konnen. Jezi te toujou konnen ke disip li Jida tap pral trayi li .
3. Jezi renmen nou e li trete nou avek menm lanmou menm le nou rejete li. Jida te byen trete pa Jezi ke anken nan disip yo pat ka kwe ke se li kite trayizan an. Menm jan, Jezi renmen nou e li trete nou avek anpil lanmou men le anpil fwa nou trayi li e nou rejete plan li gen pou lavi nou.
4. San Jezi te koule pou nou pou nou te ka jwen padon pou peche nou yo. Disip yon an tan sa pat konpran ke Jezi te gen pou l mouri. Yo pa te konpran ke plan Bondye se pou l te voye pitit li mouri pou l te ka lave peche nou yo. Yo te konprann ke Jezi te renmen yo e ke lit e padone peche yo. Men yo tap bezwen plis tan pou yo te ka konpran pri Jezi te peye pou li e ka padone peche yo.

\*Anpil moun konnen ke yo gen peche nan lavi yo. Gen moun ki menm tandè istwa de Jezi, eke Li renmen yo. Men yon ti kras konpran ke Bondye bay san pitit li tankou yon peman pou peche nou. Jezi, poutet li se Bondye, li se sel moun ki viv pou tout tan ou kap vinn viv sou te a san peche. Poutet lanmou enkwayab li pou nou, li chwazi pou li bay lavi li an sakrifis pou padon peche nou yo e se pa sel peche nou men pou peche tout le mond antye. Se poutet sakrifis li ki fe jodia nou kapab jwen padon pou peche nou yo e gen lape avek Bondye.

Semèn Pwochè, nou pra l we kek ti detay de krisifiksyon Kris la.

# Bon nouvèl Jezi a

Pa

Christy A. Brawner

“Krisifikasyon Jezi a”- Leson 6

Matye 26-27

“Jezi reponn li: Se ou ki di li. Men, m'ap di nou sa, depi jòdi a n'a wè m', mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, chita sou bò dwat Bondye ki gen pouvwa a, n'a wè m'ap vini sou nwaj yo nan syèl la”  
Matye 26:64

## Revize

1. Jezi te fèt nan yon fanm vyèj kit e rele \_\_\_\_\_.
2. Jan pawòl la te predi a, Jezi te fèt nan vil de \_\_\_\_\_.
3. Jan pawòl la de pale a, Jezi te soti nan peyi de \_\_\_\_\_, paske lite sove anba men wa eròd.
4. Papa Jezi \_\_\_\_\_ te fè yon rèv kote li tap avèti li pou li retounen nan peyi Izrayèl paske wa eròd te mouri. Jozèf kite pè pitit wa eròd la, te ale nan pwovens nan \_\_\_\_\_ nan lavil nazarèt.
5. Jezi te komanse piblik ministè li pa resevwa batèm nan men \_\_\_\_\_.
6. Lè Jezi te soti nan dlo a \_\_\_\_\_ tankou yon ti pijon ki desan nan syèl la, ak li tande yon vwa \_\_\_\_\_ te pale nan syèl la Li di, sa se pitit ke mwen renmen anpil la e ki fè volonte 'm.
7. Jezi te geri anpil moun ak Li te padone anpil \_\_\_\_\_ moun yo.
8. Menm apre tout mirak yo, anpil moun nan rejyon Galile \_\_\_\_\_ mesaj Jezi a, ak yo pat vle repentè pecho yo.
9. Ki sa mo “tounen vin jwenn Bondye (repenti)” a vle di?
10. Lè Jezi te antre nan vil jerizalèm te gen yon gwo pwosesyon ki tap fèt avek moun kite avèk Li. Nan pwosesyon an Jezi te chita sou yon \_\_\_\_\_.
11. Nan nwit fèt delivrans juif yo, Jezi te di disip Li yo ke youn nan yo ta pral \_\_\_\_\_ Li. Nan tan sa pat gen moun ki te konnen kiyès nan yo li te ye.
12. Jezi te pale de divin ke yo tap bwè a. Li di ke sa reprezante san Li kite vèsè pou \_\_\_\_\_ peche nou yo.
13. Disip yo te tande pawòl sa yo men yo te toujou pa konprann sa Jezi tap pral \_\_\_\_\_ pou peche yo.
14. Apre soupe, yo tout tale sou mò olive epi jestemani. Jezi tap priye tout nwit la pandan disip yo tap \_\_\_\_\_.
15. Jezi te priye, “O Papa mwen. Si sa te ka fèt, wete gode soufrans sa a devan je mwen. Men, se sa \_\_\_\_\_ vle a ki pou fèt, pa sa mwen vle a.

Pandan Jezi t'ap leve disip Li yo, Jida, sa ki trayi l'a, te rive ak yon gwo gwoup moun, ladan yo se te chèf prèt yo ak lidè relijye yo. Yo te gen nepe ak baton nan men yo. Rive Jida rive, li pwoche bò kote Jezi, li di li: "Bonswa, Mèt." Epi l' bo Jezi. Jezi di li: Zanmi, sa ou te vin pou fè a, fè li.

Yonn nan mesye ki te avèk Jezi yo rale nepe l', li frape domestik granprèt la, li koupe yon zòrèy li. Jezi di l' konsa: Mete nepe ou nan fouwo l'; paske tout moun ki sèvi ak nepe, se nepe k'ap touye yo tou, apre sa Li te geri zòrèy la. Li di disip la, ou pa konnen mwen ta ka rele Papa m' vin ede mwen. Menm lè a, li ta voye depase douz lame zanj ban mwen. Men lè sa a, ki jan sa ki ekri nan Liv la ta ka rive vre? Paske Liv la di: Se konsa pou sa pase.

Aprè sa, Jezi di fòul moun yo: Nou vin dèyè m'ak nepe ak baton tankou si m' te yon ansasen. Toulejou mwen te chita la nan tanp lan, ap moutre moun yo anpil bagay, nou pa t' janm arete mwen. Men, tou sa rive pou sa ki ekri nan liv pwofèt yo ka rive vre.

Lè sa a, tout disip yo kite l', yo pran kouri. Moun ki te arete Jezi yo mennen l' kay Kayif, granprètla. Se la tout dirèktè lalwa yo ansanm ak chèf fanmi yo te reyini.

Yo te prepare anpil fo temwen pou temwaye kont li pou yo te kab kondannen l pou lanmò. Se vre wi, anpil moun te vini, Men, yo pa t' kapab jwenn anyen malgre anpil moun te vin fè anpil manti sou li pou yo te touye l' jiskaske Granprèt la te leve pou l te fè enterogasyon pa l. Granprèt la di l'ankò: Nan non Bondye vivan an, m'ap mande ou pou di nou verite a: Eske se ou ki Kris la, Pitit Bondye a?

Jezi reponn li: Se ou ki di li. Men, m'ap di nou sa, depi jòdi a n'a wè m', mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, chita sou bò dwat Bondye ki gen pouvwa a, n'a wè m'ap vini sou nwaj yo nan syèl la.

Lè sa a, granprèt la chire rad ki te sou li a, li di: L'ap pale mal sou Bondye. Lè sa a, yo pran krache nan figi l', yo tonbe ba l' kout pwen. Gen ladan yo ki ba l' souflèt. Yo di li: Kris, si ou konnen, di nou non! Di nou ki moun k'ap frape ou konsa.

Nan granmaten, tout chèf prèt yo ansanm ak chèf fanmi k'ap dirije pèp la mennen l' ale, yo renmèt li bay Pons Pilat, gouvènè peyi a. Yo di Pilat ke Jezi reklame se li ki Wa Jwif yo.

Gouvènè a keksyonnen l', li mande li: Ou se wa jwif yo? Jezi reponn li: Se ou ki di li. Menm lè apre tout enterogasyon li yan, Pilat pa't kapab jwenn yon rezon pou li mete l sou kwa a. Lè sa tou, madanm li voye di li: Nonm sa a inonsan tandè. Pa mele nan zafè sa a. Paske yèswa, mwen soufri anpil poutèt li nan dòmi. Pilat te byen konnen se jalouzi ki te fè yo mennen Jezi ba li, men li pa't konnen sa pou li te fè ak Li paske pèp la t'ap fè dezòd.

Kounye a, pou chak fèt Delivrans gouvènè a te konn lage yon prizonye. Se pèp la ki te konn chwazi kilès. Lè sa a, te gen yon prizonye yo te rele Barabas. Pilat pran Barabas ak Jezi, li ofri pèp la, Kilès nou vle m' lage ban nou: Barabas osinon Jezi yo rele Kris la? Chèf prèt yo ak chèf fanmi yo pran tèt pèp la pou yo mande Pilat pou l' lage Barabas ba yo.

Pilat mande yo: Bon. Kisa pou m' fè ak Jezi yo rele Kris la? Yo tout reponn: Kloure l' sou yon kwa!

Lè Pilat wè li pa t' kapab fè anyen ankò, paske pèp la te soti pou l' te fè plis dezòd toujou, li pran dlo, li lave men l' devan tout fòul moun yo. Li di yo: Mwen menm, mwen pa reskonsab lanmò nonm sa a. Sa, se sou kont nou li ye. Aprè sa, Pilat lage Barabas ba yo. Li fè yo bat Jezi byen bat, li renmèt yo li pou y al kloure l' sou yon kwa.



Sòlda Pilat yo mennen Jezi nan kay gouvènè a. Yo sanble tout batayon sòlda yo fè wonn li. Yo dezabiye l', yo mete yon gwo rad koulè wouj violèt sou li. Yo trese yon kouwòn pikan mete nan tèt li, yo ba l' yon ti bwa wozo kenbe nan men dwat li. Apre sa, yo mete ajenou devan l', yo pran pase l' nan betiz. Yo di li: Bonjou, wa jwif yo! Yo krache sou li, yo pran wozo a, yo ba l' kou nan tèt. Apre yo fin pase l' anba kont betiz yo, yo wete gwo rad la, yo mete rad pa l' sou li ankò. Epi yo mennen l' ale yon kote ki rele Gòlgota a, (ki vle di: Plas zo bwa tèt la) pou yo kloure l' sou kwa a.

Yo te kloure sou kwa a, soldat women yo te mete yon ti pankat anlè tèt li ki ekri “Se Jezi Wa Jwif yo.” Yo te kloure de ansasen sou de lòt kwa an menm tan avè l', yonn sou bò dwat, yonn sou bò gòch.

Vè midi konsa, vin gen yon fènwa sou tout peyi a, jouk twazè apre midi pandan l' te sou kwa a. Vè twazè, Jezi rele byen fò, li di: Eli, Eli lema sabaktani? (ki vle di: Bondye, Bondye, poukisa ou lage m' konsa?). Jezi bay yon gwo rèl ankò, epi li mouri (Li te antoure lespri l').

Menm lè li fin antoure lespri l, Menm lè a, rido ki te nan tanp lan chire an de moso, depi anwo jouk anba. Tè a tranble. Wòch yo fann. Tonm mò yo louvri, kò anpil moun pèp Bondye a ki te mouri leve vivan ankò, yo soti nan tonm yo. Apre Jezi li menm te leve soti vivan nan lanmò, tout kò sa yo te antre nan lavil Jerizalèm kote anpil moun te wè yo.

### Kesyon oral

1. Ki jan Jezi te trayi?
2. Youn nan disip Jezi yo te fè yon bagay pou l' defann Jezi. Ki sa li te ye ak ki reyaksyon Jezi?
3. Pandan trayizon an, Ki sa disip l' yo te fè?
4. Ki kote gason nan jaden an te mennen Jezi?
5. Menm si te gen anpil manti sou, ki jan yo te finalman kondane Jezi de pale moun mal ?
6. Ki kote chef jwif yo te mennen Jezi lè denmen maten kase?
7. Pilat, apre lit e finn poze kesyone Jezi, li pat wè ke Li te koupab men li te pèp la pou yo te fè yon chwa. Kisa lit e ofri pè la eki chwa pep la te fè ?
8. Kijan solda yo te trete Jezi?
9. Apre twa èdtan nan fè nwa, Jezi rele Papa Li. Ki sa tradiksyon rèl la ye?
10. Ki bagay ki te pase lè Jezi te remèt lespri li?

## Verite spirityèl

### Matye 26-27

1. Kiyès ki Jezi? “Pitit Nonm ki chita a dwat nan pouwa a, e kite vinni sou nyaj nan syèl la”. Sa sete repons Jezi te bay chè prèt la, se menm repons sa kite finalman menen li sou la kwa. Se te yon repons ke moun say o pat ka asepte. Menm chak mount a sipoze lite avèk menm kesyon sa. Kiyès ki Jezi tout bon? Paske si Jezi chita tout bon a dwat nan pouwa a e kit e vini sou nyaj nan syèl la, nou tout ta dwe deside kòman pou nou ta reponn Li.

2. Jezi te kloure sou la kwa, nan plas Barabas, yon kriminèl ; yo te lage Barabas pito.

\*petèt ke mwen pa yon kriminèl, men menm jan avèk Barabas, mwen se yon pechè, devan Bondye mwen ta dwe genyen lanmò pou pèn. Bib la din an women 6:23, “ salè peche se lanmò.” Sa vle di nou merite pou nou ta mouri pou move bagay ke nou fè nan lavi nou. Sa pa fè anyen si nou genyen anpil peche, tankou nan ka Barabas la, oswa si nou te yon bon moun tankou kèk nan dispip yo te ye.

3. Yo te maltrete Jezi, yo te jije l ak yo te touye l pou li te peye pou peche nan lavi nou. Se poutèt sa jezi te vini sou latè a. Li te vle nou kanpe devan Bondye pou padonnen peche nou yo. Gen moun ki di ke Jezi te yon pwofèt. Men se pat vre dapre sa Jezi te di. Li te proklame ke li se Bondye ak li te vin sou latè pou l te mouri pou peche nou yo.

4. Jezi bay lespri li. A nenpòt kilè Jezi te ka desann sou kwa a. Li te ka touye tout moun ki tap pase Li nan betiz yo avèk yon sèl pawòl. Men ak pwòp chwa pa li, li pran tout imilyasyon ak lite rete sou kwa a jistan lè lite rive. Epi apre nan tan pa li, li bay lespri Li. Li chwazi mouri paske lit e vil peye pri peche nou yo. Bib la di nan Jan 3:16 “Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an.”

\*Nan lot lesan an, nou pral etidye rezireksyon Jezi. Pou la verite Jezi pa mouri , men li vivan e li vle antre nan lavi nou. Li vle netoye kè nou de tout peche nou yo, e change lavi nou konplètman.

# Bon nouvèl Jezi a

Pa

Christy A. Brawner

## “Rezireksyon Jezi”- Leson 7

### Matye 27-28

"Men, zanj lan pran pale, li di fanm yo: Nou menm, nou pa bezwen pè. Mwen konnen se Jezi n'ap chache, nonm yo te kloure sou kwa a. Enben, li pa isit la. Li leve vivan jan l' te di a. Vini wè kote l' te kouche a."

#### Revize

1. Jezi te fet nan pa yon fi vyèj ki te rele \_\_\_\_\_.
2. Jezi te kòmanse ministè li pa \_\_\_\_\_ pa yon nèg yo rele Jan Batis.
3. Nan batèm li, Yon \_\_\_\_\_ desann sou Jezi tankou yon ti pijon, e vwa bondye pale nan syèl la Li di, “ sa se pitit ke mwen renmen anpil e ki fè volonte mwen. Sa montre nou twa moun trinite a : Bondye \_\_\_\_\_, Bondye e Bondye \_\_\_\_\_
4. Jezi te geri anpil moun ak maladi e padone anpil moun de \_\_\_\_\_
5. Menm apre anpil mirak yo, anpil moun ki tap viv nan Galile te rejte pawòl Li e yo pat vle \_\_\_\_\_ de peche yo.
6. Kisa mo “repenti” (tounen vin jwenn Bondye) a vle di?
7. Jezi di ke diven an reprezante san li e sa ta pral \_\_\_\_\_ pou anpil pou \_\_\_\_\_ nan peche.
8. Farizyen yo te arete Jezi nan jaden kote li tap priye a e yo te menen li nan gwo kay \_\_\_\_\_ kit e rele Cayif
9. Gwo prèt yo te mande Jezi si Li te \_\_\_\_\_ E Jezi te reponn Li se. Menm lè sa anpil moun te vinni jwen Jezi e \_\_\_\_\_ nan figi li, \_\_\_\_\_ Li, e frappe Li avèk a \_\_\_\_\_ nan men yo.
10. Lè lan nwit la tonbe, farizyen yo menen Jezi bay chef woman an ki te rele \_\_\_\_\_
11. Pilate pat trouve ke Jezi pat koupap, but li bay dwa pou yo te krisifye Li paske lit e pè yon \_\_\_\_\_ nan mitan moun yo.
12. Solda woman yo maltrete Jezi. Yo te mete yon kouron pikan \_\_\_\_\_ sou tèt Li e frappe tèt li avèk yon \_\_\_\_\_, key o te ba Li kenbe.
13. Sou kwa a kote Jezi te pandye a, te gen yon lapès ki tap di , SA SE Jezi, A \_\_\_\_\_ nan jwif yo.
14. Soti sis zè pou rive nevè, te gen yon \_\_\_\_\_ sou late.

Te gen yon nonm rich, moun lavil Arimate, vin rive. Yo te rele l' Jozèf. Li menm tou li te yon disip Jezi. Li al jwenn Pilat, li mande l' kò Jezi a. Pilat bay lòd pou yo renmèt li kò a. Jozèf pran kò a, li vlope l' nan yon bèl dra blan tou nèf nan yon nouvo kavo, ak li te woule yon gwo wòch devan bouch kavo a.

Te gen yon nonm rich, moun lavil Arimate yo te rele Jozèf. Li menm tou li te yon disip Jezi. Nonm sa a te mande Pilat si li te kapab pran kò Jezi epi mete l' nan pwòp kavo li. Pilat te dakò ak demann nan, epi Jezi te antere nan yon kavo tou nèf. Apre li mete kò a nan kavo a, li woule yon gwo wòch devan bouch kavo a.

Nan denmen, farizyen yo jwenn ansanm yo ale bò kot Pilat paske yo te chonje pawòl Jezi yo lè Li te di ke li tap leve vivan ankò sou twazyèm jou a. Yo mande Pilat pou li bay lòd pou yo veye kavo a byen veye pandan twa jou an ka yon bagay ta rive kò a. Se konsa, Pilat te bay yo pèmasyon pou yo te proteje li jan yo te konnen. Y ale nan plas la, yo poze sele sou wòch ki te devan bouch kavo a, epi yo mete eskwad gad la veye li.

Nan premye jou nan semèn nan, Mari, moun lavil Magdala ak lòt Mari a te al nan kavo a kote Jezi te antere a. Lè yo te rive, te gen yon tranbleman tè, wòch ki te sèvi pou sele kavo a te deplase, yon zanj Bondye te chita sou li. Gad ki tap proteje kavo a te sitèlman pè, yo pran tranble, yo tonbe atè tankou moun ki mouri.

Men, zanj lan pran pale, li di fanm yo: “Nou menm, nou pa bezwen pè. Mwen konnen se Jezi n'ap chache, nonm yo te kloure sou kwa a. Li pa isit la. Li leve vivan jan l' te di a. Vini wè kote l' te kouche a. Apre sa, prese al di disip li yo li leve soti vivan nan lanmò. Li gen tan pran devan yo ale nan peyi Galile. Se la y'a wè li. Se sa m' te gen pou m' di nou.”

Fanm yo kouri kite kavo a. Yo te pè, men an menm tan tou yo te kontan. Yo t'ap kouri pote nouvèl la bay disip yo. Men, pandan y ale pou jwenn disip yo, Jezi parèt devan yo, li di yo, “Rejwi!” Yo kanpe, yo kenbe pye l' e yo adore li. Li di yo pou di disip yo pou al kontre l' nan peyi Galile.

Gad ki t'ap veye kavo a te gen tan tounen lavil la, yo rakonte chèf prèt yo tou sa ki te rive nan kavo a. Lè sa a, chèf prèt yo reyini ak chèf fanmi yo, yo fè plan yo ansanm. Yo bay sòlda yo yon gwo lajan pou yo di se disip li yo ki te vin vòlò kò a pote ale lannwit antan yo t'ap dòmi. Yo te menm arive pwomèt gad yo ke si Pilat jwen mo ke yo te ale dòmi, lè sa a, yo menm yo ta pèsònèlman defann sòlda yo devan gouvènè la. Sòlda yo te pran kòronp a, epi gaye anpil rimè ki sikile nan tout vil la pou plizyè ane.

Onz disip yo ale sou ti mòn nan peyi Galile a, kote Jezi te di yo kontre l' a. Lè yo wè l', yo adore li. Men, te gen nan yo ki pa t' fin kwè nèf.

Jezi pale ak yo pou dènye fwa li di yo, “Mwen resevwa tout pouvwa nan syèl l'ak sou tè a. Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit l'ak Sentespri a, moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba.” Amen.

## Kesyon Oral

1. Kisa Josèf nan Arimethea te mande sou Pilate?
2. Farizyen yo te pè pou yon bagay pat rive kò Jezi sou twazyèm jou a. Poukisa?
3. Kiyès ki tal wè Jezi sou premye jou a e kisa medam yo te wè lè yo te rive nan kavo a?
4. Pandan yap retounen pou yo di disip yo sa yo te dekouvri, kot kiyès yo te kouri?
5. Jezi te di disip li yo pou l renkontre yon nan yon lot kote san konte Jerizalèm. Kibò?
6. Sou mò nan Jezi te gen yon Lòd trè inpòtan pou l bay disip yo. Eseye ranpli nan pati vid y oak pawòl Jezi' yo: "Ale, fè \_\_\_\_\_ tout nasyon, \_\_\_\_\_ yo nan non Papa a, Pitit l'ak \_\_\_\_\_ Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Sonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba.spri a.

## Verite Espirityèl-Leson 7

### Matye 27-28

1. Jezi vivan jodi a. Jezi se pa yon moun ki ka anprizonne epi tiye. Li se Bondye etènèl. Li se san kòmansman e san fen. Plan Bondye depi nan konmansman mond lan se te pou vini sou latè nan fòm yon nonm kòm yon sèvitè soufrans. Se sa Li te vle pou l te krisifye nan jou sa a ak nan fason sa. Plan li pa kapab fristre, ni okenn moun pa ka janm domine sou li. Li se e Li ap toujou va Bondye, sèl vrè Bondye vivan an.
2. Farizyen yo te kwè tèlman nan paròl Jezi yo te gen sòlda ap veye kavo Li apre lanmò Li paske Li te pwomèt l ap leve vivan ankò. Yo te kwè pawòl sòlda yo lè yo rakonte yo sa ki te rive. Yo te menm peye sòlda yo pou bay manti sou evenman sa a. Menm lidè sa yo te prezan lè Jan Batis te batize Jezi, e pwòp vwa Bondye te pale sot nan syèl ki konfime ki moun li te ye. Mesye sa yo te temwen anpil nan mirak Li te fè yo. Yo te menm fache sou lè li te geri nonm lan avèk menm pòk la jou repo la. Yo te wè l chase anpil move lespri nan moun ki te toumante, e yo te wè Li padonnen moun de peche yo. Prèske pesonn pa konnen plis enfòmasyon osijè lavi ak mesaj Jezi a pase farizyen yo. Men, menm gwoup moun sa yo pat aksepte lanmou Bondye ke Li te ofri nan pwòp vi yo. Yo pa t tounen vin jwenn Bondye pou tout peche yo. Yo pa t remèt kontwòl lavi yo bay l'otorite de Jezi Kris. Pou ou gen yon relasyon avèk Jezi Kris se plis ke aprann epi kwè tout prèv sou lavi li. Li plis ke yon nouvo ak diferan relijyon. Jezi vle pou nou tounen vin jwenn Bondye de peche nou yo, kwè nan Li, ak ba Li lavi nou. Li vle vini Seyè oubyen dirijan lavi nou. Li vle kontwole nou chak jou nan lavi nou.
3. Ki moun Jezi ye?
  - Jezi te fèt de yon jenn fi vyèj.
  - Jezi te reklame Li te Bondye.
  - Jezi te fè anpil mirak e padonnen moun ki te tounen vin jwenn Bondye pou tout peche yo.
  - Jezi te mouri sou la kwa pou peye pri pou tout peche nan lavi nou devan yon Bondye jis.
  - Jezi te resisite soti vivan nan lanmò e Li vivan jodi an.
  - Jezi vle pou m tounen vin jwenn Bondye pou tout peche mwen yo epi ba Li lavi mwen.

Bib la anseye nou ke Jezi pa t mouri pou vin yon egzanp, Li te mouri kòm yon ranplasman pou oumenm ak mwen ki merite fè fas a Bondye pou tout bagay nou te fè ki mal nan lavi nou.

**Bib la di ke "Nenpòt moun ki rele non Met la gen pou jwenn delivrans."**

### Women 10:13

- ❖ Sa vle di ke kèlkeswa sa mwen te fè tan lontan yo, mwen kapab mande Jezi pou Li vini nan lavi mwen e li va padonnen m' de tout peche m' yo e viv nan lavi mwen.

- ❖ Sa vle di ke nan moman Jezi antre nan kè mwen, tout peche mwen te fè yo, tout peche mwen fè yo, e peche mwen pral fè yo, YO DEJA padonnen devan Bondye. Sa a se pa akòz anyen mwen te fè. Se pa paske mwen te chwazi yon bon relijyon. Se pa paske mwen te vin yon moun moral. Se pa paske paran mwen soti nan yon gwoup etnik espesifik oubyen klas sosyal. Se sèlman paske mwen te aksepte sakrifis Jezi te deja peye lè Li te mouri sou la kwa.
- ❖ Sa vle di ke de moman sa a mwen se yon moun ki pi nan je Bondye ankò, inosan. Bib la fè konnen pyè peche se lanmò, men lanmò Kris se sifi pou fè m 'yon kreyati nouvo. Si mwen fè chwa pou swiv li.

Si ou ta renmen padon Bondye kounye a nan lavi ou, e ou ta renmen vin yon moun pou Kris, ou kapab mande Li pou l antre nan kè ou nan moman sa a. Li pa nesèsè pou nan yon plas ki relijye, li pa nesèsè pou di okenn mo espesyal oubyen maji. Li sèlman enpòtan ke ou vin devan Bondye epi deklare ke ou kwè Jezi se Bondye e ou vle l 'pou L Seyè oswa kapitèn lavi ou.

Ou kapab priye yon bagay konsa:

"Papa, mwen konnen mwen se yon peche. Mwen kwè ke Jezi te mouri sou la kwa e li te leve soti nan kavo a pou sove m anba peche m' yo. Mwen repanti de peche mwen yo. Vini nan lavi mwen e padonnen m 'de tout peche m'. M 'ba ou lavi mwen. Mèsi pou lanmou ou pou mwen. Nan non Jezi '. Amèn."

4. "Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba."

Bib la di nan Jan 14:2-3, "Lakay Papa a gen anpil kote pou moun rete. Mwen pral pare plas pou nou. Si se pa t' vre, mwen pa ta di nou sa. Lè m'a fin pare plas la pou nou, m'a tounen vin chache nou. Konsa, kote m'a ye a, se la n'a ye tou."

Jezi te pwomèt nou ke TOUT MOUN ki ba Li lavi l pral pase tout letenitè avè l' nan yon plas ki rele syèl la. Syèl la se kay Papa a. Minit nou aksepte Jezi nan lavi nou, nou pral pase tout letenitè avèk Jezi. Sa vle di Jezi ap avèk nou sou tè a, men lè nou mouri nou pral pase tout letenitè avèk Li nan syèl la.

**Lanmou ke Jezi gen pou nou an vrèman dire pou tout tan!**

## Prezantasyon Levanjil la

(Sis vèsè sa yo esplike esans levanjil la.)

### 1. Rezon Bondye pou lavi ou

Bib la di nan **I Jan 5:13**, "M'ap ekri nou lèt sa a, nou menm ki kwè nan Pitit Bondye a pou nou ka konnen nou gen lavi ki p'ap janm fini an."

Bi vèsè a: Pou montre ke Bondye vle bay asirans a lavi ki p'ap janm fini akòz de lanmou l pou lòm.

Esplikasyon sou vèsè a: lavi etènèl se de bagay:

a) Pou konnen Jezi Kris e gen lapè l nan kè ou kounye a pandan ou ap viv nan lavi sa a. (Jan17:3)

b) Viv avèk Jezi Kris nan syèl la pou letènite aprè ou mouri. (Jan 14:1-3)

Aplikasyon de vèsè a: Ou vle gen asirans ke ou genyen lavi etènèl?

**Obsève:** nan kilti kretyen e sa ki pa kretyen yo, tèm sa yo ap bezwen esplikasyon klèman e sa kapab pran anpil tan.

### 2. Bezwen ou

Bib la di nan **Women 3:23**, "Tout moun fè peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a."

Bi vèsè a: Pou montre ke nou tout se pechè.

Esplikasyon sou vèsè a: Ki sa ki peche? Peche se dezobeyi Bondye. Pou egzanp, nou tout fè peche tankou bay manti, fè kòlè, Kenbe yon moun nan kè, lide vòlò, lanvi ak lògèy.

Aplikasyon de vèsè a: Èske ou rekonèt ke ou fè peche? Ki sa ki konsekans peche?

Bib la di nan **Women 6:23**, "Peche peye nou kach: li ban nou lanmò; men kadò Bondye ban nou gratis la, se lavi ansanm ak Jezikri, Seyè nou an, yon lavi ki p'ap janm fini."

Objektif vèsè a: Pou montre ke tout moun merite lanmò akòz peche nou yo.

Esplikasyon sou vèsè a: Kisa lanmò ye? Lanmò vle di yo separasyon ak Bondye nan de fason.

Premyèman, lanmò se separasyon ak Bondye kounye a nan lavi sa a sou latè. Li se yon lavi san kè kontan oubyen lapè nan nanm la. Se yon lavi san asirans a lavi etènèl e san Jezi menm nan kè ou. Separasyon ak Bondye kite lòm ak yon kè vid e plen ak lapèrèz.

Dezyèmman, lanmò se separasyon ak Bondye pou letènite nan lanfè. Sa se yon lavi san Kris pou tout letènite. Daprè Bib la nou tout merite lanmò, separasyon ak Bondye, akòz peche nou yo.



Aplikasyon de vèsè a: Eske ou konprann ke ou merite lanmò, separasyon ak Bondye, akòz peche ou yo?

### 3. Pwovizyon Bondye

Bib la di nan **Women 5:8**, “**Bondye moutre nou jan li renmen nou anpil; paske nou t'ap fè peche toujou lè Kris la mouri pou nou.**”

Objektif vèsè a: Pou montre ke Bondye renmen nou tèlman, Li te bay pitit gason l Jezi Kris pou mouri pou peche nou yo.

Esplikasyon sou vèsè a: Sèl peman pou peche se lanmò. Jezi Kris te pini, jije e kondane a mò sou la kwa a pou peye penalite peche yo nan plas nou.

Lanmò Jezi se te sèl sakrifis ki te sifi pou libere lòm nan koupab peche. Anpil moun ap eseye pou jwenn Bondye atravè plizyè fason diferan: selon pwòp bon vi yo oswa bon travay yo. Yo ka menm eseye pou jwenn Bondye atravè sens, zidòl, imaj, oswa lespri oubyen *reyenkanasyon*.

Pwòp efò lòm pa gen okenn pouvwa pou pirifye (netwaye) peche l'yo. Sèl mwayen pou gen yon relasyon avèk Bondye se atravè Jezi Kris. Apre Jezi Kris te mouri sou la kwa pou peche nou yo, li te leve soti vivan nan lanmò, Li gen vikwa sou lanmò. Li vivan e li vle viv nan kè ou.

Aplikasyon de vèsè a: Èske ou kwè ke Jezi Kris se sèl Seyè ou , Sovè ak Entèmedyè ou?

### 4. Repons ou an

Bib la di nan **Women 10: 9**, “**Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Seyè a, si ou kwè tout bon nan kè ou Bondye te fè l' leve soti vivan pami mò yo, wa sove.**”

Bi vèsè a: Pou montre kisa ou dwe fè pou resevwa Jezi kòm Seyè ou.

Esplikasyon sou vèsè a: Pou resevwa Jezi ou dwe fè de bagay:

- a) Premyèman, pou resevwa Jezi ou dwe konfese Kris kòm sèl Seyè ou. Ou dwe vire do bay peche ou epi swiv Jezi. Sa vle di remèt kontwòl la lavi ou bay Kris. Sa a se repantans.
- b) Dezyèmman, pou resevwa Jezi ou fèt pou ou kwè nan kè ou ke Kris te leve soti vivan nan lanmò e Li se sèl Sovè ou. Sa vle di ou dwe sispann mete lafwa ou nan lòt bagay tankou moralite, bon travay, zidòl, imaj, sens oswa (*reyenkanasyon*) epi mete konfyans ou nan Jezi Kri kòm sèl sovè ou.

Aplikasyon de vèsè a: Èske ou prè pou ou konfese Jezi kòm Seyè epi bay lavi ou a Jezi kòm sèl Seyè ou? Èske ou pare pou ou sispann mete lafwa ou nan lòt bagay epi bay lavi ou a Kris kounye a kòm sèl Mèt ak Sovè ou?

Bib la di nan Women **10:13**, “**Nenpòt moun ki rele non Met la gen pou jwenn delivrans.**”

Objektif vèsè a: Pou montre ke nenpòt moun ki rele non Jezi a va jwenn delivrans.

Esplikasyon sou vèsè a: Sa vle di ke ou kapab aksepte Jezi pa lafwa kounye a nan kè ou.

Aplikasyon de vèsè a: Èske ou prè pou ou bay Jezi lavi ou epi mande li pou l antre nan lavi ou kounye a? Si w prè, di priyè s'ak tout kè ou bay Bondye.

"Seyè, mwen se yon pechè. Mwen mete konfyans mwen nan ou Seyè, kòm sèl Mèt mwen, Sovè ak Entèmedyè. Mwen ba ou la vi mwen. Vini nan kè mwen epi sove m' non kounye a. Transfòme mwen epi pran kontwòl total nan vi mwen. Amèn."

Èske ou kwè ke Jezi reponn priyè ou la? Ebyen, ki kote Jezi ye kounye a? Èske ou sove?